



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/19/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON POU PWOGRAM BOUSDETID CAREY GABAY

Nouvo pwogram bousdetid la ap bay bousdetid konplè a senk kolèj SUNY pou etidyan eksepsyonèl ki soti nan orijin defavorize

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inivèsite Eta New York kounye a ap aksepte aplikasyon pou Pwogram Bousdetid Carey Gabay. Gouvènè Cuomo te anonse bousdetid sa ane pase nan lonè Carey Gabay, yon avoka ak sèvant piblik, ki te mouri trajikman nan vyolans zam nan mwa Oktòb nan laj 43 ane. Pwogram sa ap bay bousdetid konplè pou senk etidyan kap rantre nan SUNY ki montre egzanp angajman Carey nan jistis sosyal, lidèch ak konsèy, ansanm avèk istwa siksè akademik malgre yo gen yon orijin ekonomik defavorize.

“Carey te yon egzanp pafè sou kijan travay di ak sèvis a lòt moun ka fè yon diferans nan lavi. Li te ka fè nenpòt bagay epi, chwazi pou pran siksè epi itilize pou redistribye l nan kominote l,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Nou sonje Carey nan travay nap fè chak jou pou amelyore lavi Nouyòkè yo, e nou espere ke bousdetid sa yo ap ede lòt jèn moun yo chanje mond lan grasa sèvis piblik. Carey te pwouve sa, lè li te gen opòtinite pou reyisi, nenpòt bagay posib, kidonk mwen ankouraje tout etidyan ki kalifye yo pou aplike pou bousdetid sa yo epi ede nou kontinye devlope yon pi bon eta pou tout moun.”

Carey te grandi li te viv nan lojman piblik li te ale nan lekòk piblik nan Bronx. After a successful high school career, he went on to graduate from Harvard University and Harvard Law School. Li te gen yon angajman pandan lontan a sèvis piblik e li rebay a moun sila yo ki te ozalantou l, e pandan li te nan Harvard University, li te kandida pou l te vini Prezidan kò etidyan nan premye sik yo. Pi resaman, li te travay san relach nan sèvis piblik, premyèman kòm yon Avoka Adjwen pou Gouvènè Cuomo e annaprè kòm yon Avoka Adjwen pou Empire State Development Corporation.

Pwogram Bousdetid Carey Gabay ap rekonpanse chak ane senk etidyan avèk

bousdetid konplè pou rantre nan kolèj katran SUNY apati ane lekòl 2016-17. Bous detid sa yo ap kouvri tout depans pou prezans, enkli frè eskolè, lojman ak manje, frè kolèj liv ak founiti ak transpòtasyon ak depans pèsònèl. Aplikasyon yo disponib [la](#), e delè a se 15 Mas 2016.

###

Additional news available at www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418